

Pembantoe sareng
agen:
Priangan koelon
M. Sahari - Bogor

Priangan tengah
H. B. Pasoendan
Bandoeng

SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Ditjatak di Soekapoeza drukkerij Tasikmalaja.

Pembantoe sareng
agen:
Priangan wetan
M. G. Kartaatmadja
Tjimahi.

Djawa wetan:
Blaocraan G II No. 33a
Soerabaja.

LANGGANAN.	
Pangmiraha dina 3 sareng	f 1,50
Sataoen	f 5,-

Dibajar ti pajoen, Salambar 15 sen.

Redactie:
Galoenggoengweg 49.
Administratie:
Stationsweg 33 Tasikmalaja.

Redakteur:
SOETISNA SENDJAJA
ATMAWINATA
Redakteur di Batawi
SOERIADIRADJA.

Directie:
Bastuur Pasoendan Tasikmalaja
Administrateur:
K. MARTAKOESOEMA.

Pangaoe ADVERTENTIE:
1/16 katja f 2,- }
1/32 " f 1,25 } Sakali moeat.
Langganan langkoeng mirah.

Advertentie Lebaran.

Djoeragan-djoeragan noe ngintoon artos f 1,- sareng kartjis, djenengana dina dinten lebaran dilebetkeun kana Sip. Tjontona:
Brataningrat sarimbit.
p. f. en p. r. atanapi noemoetkeun kapalaj.

+ Pidatona Kdj. Dalem Bandoeng di Volksraad tina perkara Inlandsche Verponding
Sb. Sip No. 42.

Bangsa asing (noe ngabogaan hak eigendom) mah gampil pisan namboet pimodaleun, boh keur dagang, boh keur ngadamelan rorompok, ka Bank kalawan saeutik rentenna, tina margi tiasa ngaborgkeun tanahna, nanging koemaha lebah bangsa pribomi?

Kenging credietverband ti Afdeelingbank oge, anoe rentenna doegi ka 18%, parantos atoh. Nanging nadjan kitoe sering pisan bangsa pribomi kapaksa namboet artos ka lentah darat, ngaborgkeun tanahna teor renteuna doegi ka 43%. Padahal eta artos pepami parantos dijdi rompok mah, agengus major padjeg samsi bae sareng artos tamboetan ti Bank noe mirah rentenna-tea.

Seueur keneh tjonto-tjonto pikeun nerangkenn kateudilanana Inlandsche verponding!

Sabdjabina major Inlandsche verponding, bangsa pribomi seueur deui ba jareunana noe ngaburakeun ka marnahanana, sapertos major hoofdgeld, pantjen, oeroenan pikeun gadjih pama rentah desa, oeroenan pikeun ngroe desa djalan-djalan djambatan djambatan, sareng adegan-adegan desa anoe henteu dikeunakeun ka noe baroga tanah eigendom (bangsa asing).

Soepados kaoeningka koemaha kabotanana, bangsa pribomi major padjeg, koe dijism koering bade dipertei laken.

Djism koering bade ngabanteen ka sijau padjeg di desa onderdistrict bae, eta Bandoengkoeloe sareng Bandungwetan, sakadar pikeun tjonto:

Lobana Hoofdgeid. . . f 11137.

Pantjen (di kota Bandoeng gadjih pamarentah desa) . . . 22623.

Oeroenan desa 3285.

Pameuli gawe ngaronda. . . 42703.

desa 6591.

Djoembalah . . . f 86339.

Djoembalah landrente f 23540.20 ditanggoeng koe 5387 djelema noe baroga tanah, dijadi kabebeurat ka landrente wongkoel ± 370%, langkoengna tina landrente. Sabaraha % naekna kabebeurat bangsa pribomi noe ngagraduhan tanah di kota Bandoeng sapsarantosna aja Inlandsche verponding, teu atjan tiasa ngahatoekeun katerangan koemargi aanslagna Inl. verponding ajeuna teu atjan salse, nanging noemoetkeun aanslag-kohier Commissie, pinakeuneuna padjeg bangsa pribomi di kota Bandoeng doegi ka 2000%, eta teh atjan sareng kabebeurat ka dess, sapertos noe disebatan tadi tea.

Pangeusi desa Lengkong woengkoi! major landrente sadjoembalah f 450, nanging koe Inlandsche verponding naek. dijadi f 11000.

Soeli, oerang desa Tjikawao, major landrente f 0.74, Inl. verponding f 18.

M. Wangsaatmadja desa Lengkong major landrente f 7.55, Inl. verponding f 98.77.

M. Moekti Tjimahi, major landrente f 95. Inl. verponding, 176.85.

Djabi ti Inlandsche verponding Moekti kedeh major kabebeurat ka

desa, seuenroa f 88.06 atau 50% ti na Inl. verponding.

Anoe ugaraos pangbeuratna dikeunaan Jnl. verponding, eta noe nga garadehan tanah saeutik, teor imahna awon sarta ditjittingan koe sora-ugan.

Kahiropanana tina doegoeng da-
gang leuleutikan, sakadar tjeukep pi-
keun barang - tedana bae. Sadjabina

imahna teu disewakeun teh (djadi ta-
ja pangasilanana), eta djelema parantos

ti tebabheula toeroen toemoeroen

nijitjingan eta tanah sarta koe margi
teu gadoheun modal, tanahna teu

tiasa dilegaan sareng ongkok teu

wantoneun ngaroegal-rigel, lantaran

barang poseaka. Kitoe deui kahiroepa

nana angger bae, nadjan pangaos ta-
nah madjoe. Djadi koe djelema noe

saroepi kitoe mah madjoeuna harga

tanah teh henteu karasa ngoentoeng-

keunana.

Komo pepami djelema noe saroepi

kitoe oedjoeg oedjoeg kedad major

padjeg 20 kalieu tina biasa ; kenging

disbatkeun sami bae sareng maehan

kahiropanana.

Kwoewoewoh seueur deui roepi-roepi
atoeran Gemeente anoe dijadi pangha-
lang kana pangoepa dijivana, saper-
tos oendang cendang rooiwezen, roe-
pa-roepa padjeg Gemeente tina ngajoe-
kal kadaharan sareng palanggaran
politie, saperitos ngalarang dagang di-
sisi djalan. Oepami ngalanggar eta la-
rangan taja hamperana, kerewek di-
tangkep dibantoon ka Landgerecht
baris dikeunaan hoekoeman (denga-
atawa boei). Oepami diemotkeun jen
atoeran-atoeran noe saroepi kitoe teh
koe djelema noe barodo keneh mah
henteu kahartoseun, pantes hatena
ngarasoela.

Maksad dijism koering ngadadar-
keun tjonto-tjonto tadi teh eta pikeun
netelakeun, jen Inl. verponding
noemoetkeun tarief ajeuna, abot
teuiung. Teu moenasaah padjeg ta-
nah milik disamikeun sareng tanah
eigendom.

Ieu kateudilan teh kedah enggal
dileungitkeun, margi dijism koering
njebatkeun jen eusi kota Bandoeng
bangsa Priboemi teu sarenangeun ha-
tenu, estoe teu pindo gawe, kome Ge-
westeltijke Raad ajeuna narik padjeg
djalan (patokkanana ngabanteen tina
padjeg tanah), kwoewoewoh Hoofgeld
sareng landrente sawah doegi ka naek
100%. Timbangan dijism koering Pa-
marentah perioe pisan marios naon
anoe djadi kateuraosan rajat, margin
kateuraosan teh sanes bae ajana di
djalma leutik (oerang padesan), na-
ging oge di bangsa menak, pongga-
wa kaeom, prijai, pamarentah dess
sareng di bangsa padagang. Katede-
nangan hate teh parantos aja ti pa-
joen, ti wangkid aja personeele sa-
reng inkostenbelasting, wireh ka-
poengkoer mah djalma padesan teh
moekti oekoer major landrente.

Ieu perkawis koe djoeragan Dwidjo-
sewojo paroeng parantos ditjarisoekun
dina algemeene beschouwingen Voor-
jaarszitting. Sakaterang dijism koering
teu atjan kalakanan bangsa pribomi
tembung kateusenanganan hate tja-
ra koe ieu Inlandsche verponding.
Timbangan dijism koering Pamaren-
taah langkoeng ti wajib ngamanah
kana ieu perkawis. Tina margi eta,
Djoeragan Voozitter, moegi kersa nam
pli ieu motie soepados distem:

"Volksraad".
Ngadangoe bae oelah nepi ka
Priangan pest teh. Tapi eta mending
oge ditioeng samemeh hoodjan, lan-
taran ari geus katepaan mah geuning
sakitoe bese ngabasmina. Na teu
leuwih bade oeparna ti ajeuna Pamaren-
taah di Djawa Koelon taki-taki nge-
daga soepaja bagian Pasoendan noe
tatan katepaan saperti: Priangan
Batawi, Banten didjaga soepaja oelah

paja miwarang ka sakabeh Resident
mariksa kabeuratanana rajat koe aja
na Inlandsche verponding kalawan ba-
dam: djeung Boepati-boepati, sarta
oepama katimbang perloe koedoe
njanggakeun voorstel pikeun ngarobah
oendang-cendang tina perkara Inlands-
che verponding djeung sateroesma di-
toeoe sagala badamian.

Ka - Goeroean.

Noe dijadi "Goeroe" atawa "Pooen"
pakoempolan, pakoeppolan naon
bae, pakoeppolan-paoesahân atawa
pakoempolan hiroep koemboeh, eta
oleh gana, hese katjida.

Saoer koedoe teroes djeung elmoes,
Tjarts koedoe teroes djeung pete.
Tah lebah dinja hesena teh. Barang
Soenda, edas, lain manoesa atah-atah,
basana oge:

Goeroe - Ratee, Wong atoea-doea
saroepa
kabeh koedoe: diembah

Bade pitatos ka s a r e a:
Doepi sembah assalna tina naon?

Moal tia:

Sa-embah mah atawa zaperti embah
nya-eta soegri djalma, palebah djalma,
atawa pangkat, palebah pangkat, atawa
naon baé noe dianggep leuwih
loehoer ti batan carang? Boh loehoer
panemoena, boh loehoer pang-
katna, boh loehoer naonana. Heug
ditjirian koe disembah, ambih terah.
Djeung deui apan boeket, moenggoe
noe sok Jisembah teh lain baé ma-
noesa, tapi aja oge noe sok njembah
ka kajoe-hatoe. Tina kitoena timba-
ngan koering:

perkara njembah oelah
wara dipitjeun keur
deungeun
lain keur koering.

Sabab:
tjan poegoeh salah benerna.

M. G. K.

Pende postmark

Pamarentah sareng pest.

Panjakit pest mimeti aja di poe-
lo Djawa di Malang. Harita Pa-
marentah neangan sagala roepa akal
soepaja eta panjakit oelah njaliara
teuing. Di Malang pest leungit. Tapi
sigana bilitna henteu leungit pisan.
Teu antara lila djol deui panjakit
pest di Solo (Djawa tengah).

Toesoe di Salatiga, Magelang, Wo-
nosoho.

Heran sigana ti Wetan mapaj ka
Koelon.

Ajeuna noeroetkeun kabar noe
paeah koe panjakit pest bouki rea-
bae.

Pest bouki lila bouki Ngoelon.
Ajeuna di Karesidenan Tjerebon keur
osoem babakoena di Koenigan. Hi-
dji Doktor Walanda di Koenigan
nalingakeun bisa aja djelema maot koe
panjakit pest. Di Kalereun roemah
sakit barak pest pinoeh-pinoeh bae.
Noe keuna koe panjakit pest nepi ka
ajeuna tatan aja noe tjaegeur deui.
Ngadangoe teh taja deui ngan-
soepaja oelah tepea. Oepama disidik-
sidik pest het mapaj bouki lila bouki
ngadangoe teh taja deui ngan-
soepaja oelah tepea.

Koemaha Priangan kira-
kiran moal katepaan?

Moega-moega bae oelah nepi ka
Priangan pest teh. Tapi eta mending
oge ditioeng samemeh hoodjan, lan-
taran ari geus katepaan mah geuning
sakitoe bese ngabasmina. Na teu
leuwih bade oeparna ti ajeuna Pamaren-
taah di Djawa Koelon taki-taki nge-
daga soepaja bagian Pasoendan noe
tatan katepaan saperti: Priangan
Batawi, Banten didjaga soepaja oelah

keuna koe pest. Ajeuna Gewest ka-
tjida nalingakeunana oepama aja noe
njieno adegan rja eta di adeg-adegan
didjaga soepaja beurit oelah bisa
manggih tempat keur njajang. Ngan
koemaha imah-imah noe geus ngadeg
na teu perloe eta dirobah? Koemaha
oepama ti ajeuna bae ngajakeun "wo-
ningverhetering" (ngahadean adegan-
adegan) ngadjaga soepaja oelah aja
panjakit pest.

Eta heranna teh Pamarentah kak-
ra ngajakeun "woningverbetering te-
gen pr-stgevaar", oepama di eta tem-
pat geus aja panjakit pest. Ajeuna
njoeboenkeun ditioeng samemeh hoe-
daj, dgagi tempat-tempat noe teu
atjan katepaan koe pest.

Noe geus didjalankun di Djawa
wetan djeung Djawa tengah djelema-
djelema noe imahna perloe dihadean
soepaja noe ngesusianana oelah gam-
pan katepaan pest, dibere pereskot
teu kalawan make renten keur ngahadean
imahna imahna. Na teu bisa oepama
di jalankun di tempat noe tatan
katepaan panjakit pest? Ongkosan
meureun gede ajeuna djaman bezui-
ning.

Tjek timbang, Pamarentah oelah
ngemotkeun kana bezuining bae,
margi engke mah oepami geus kate-
paan tangtoe leuwih gede ongkosna
keur ngabasmi eta panjakit, sareng
sing emot Pamarentah moegi nang-
tajongan oemoer noe leutin noe mis-
kin koe ditioeng samemeh hoedjan.

Pabrik goela.

Noeroetkeun soerat kabar Indische
Courant W. J. E., totan Van Ende
djeung toean Hilde geus njanggakeun
rekesan ka P. K. Toean Resident
Priangan pikeun njoeboenkeun idinan
ngadamel "pabrik goela di djer-
kasesdenan Priangan.

Pamegi sim koering mah moegi
panoeboenna eta toean teh dipersa-
benan bae, djalaran sadajana oge
geus moel bireuk deui, jen di tempat
tempat anoe seueur kebon tiwoena.

Nja kitoe deui abdi-abdi anoe asal
merdika migawena sawahna, lamoen
geus disewakeun sawahna

sanadjan ti beurang teu kaop aja noe ngaliwat, ari disikeun toeloem loempat ka kolong, ngagogog tamah angot beuki rongkah, koe lantaran kolong rorompok simkoering handap, poek, atoeh teu katingal djinisna anding, moeng soiana bae gog, gog, gog, gog matana herang katigual ti kadjacehan boroboro deungeun anoe teu miboga kana eta Andjing, ngewaeun, salah sim koering pribadi oge ngaraos gandeng bosen, roedet, teu aja hinggana rek dibikeu teu aja noe daekeun soe mawonaa anoe ngahadja menta mah loepoet pisan.

Koe lantaran kitoe djourodjoing ingetan sim koering hajang miara deui Andjing anoe kira henteu matak moesingkeun tjara anoe keur dipiara teu gantjangna kenging, Andjing pamere ti orang peuntas, doeka ti saha lepat deui ngarantaan eta anoe mere teh, anjing bikang boeloe moujet ngora, waktroe katampa eta Andjing awakua begaung boeloena koesoet, datangna di bawa koe boedak ditoengtoen talina tambang indjoek paret; lila-lila eta Andjing, awakna lintoeh boeloena oge beres djeung adatna teu matak gandeng tjara si beureum kokosan, atoeh sim koering katjida nja mikaasilna mi kanjaah ka si bikang teh malah malarkeun kanjaah ka si beureum kokosan, sabab aja kabosen tea datang ka djigana si beureum teu betabeuu aja di wewengkon sim koering, inindeng pisan teu aja, kapendak ngatjatjeng di Pasar mosloengau toelang, ngalemetan getih moending dina oeret da gunna Djagal.

Kotjap deui lila-lila adatna si bikang kapendak, enja tara gagaggoog teamah tjara si djaloet, tapi edaaaaas matak tambah risi, wantoening simkone ring rorompok sisi djalan, teu kaop aja anoe noengtoen domba, belesat di oedag, disikeun koenoeng noengtoen ngaherengan, aja taroedak laloempat adat beralik ti Sakola hajang boeroe-boeroe datang ka imah, nempo sangoe poe, belesat dioedag kadangkadang gep campingna digegel, datang ka soeh, boedakna tjeurik, djereritan keu keuh dikekenjang, di si, si, koe noe sejien malikan ngaherengan, dihoroek koe sim koering pribadi njegag ka doe noengan, edaaaaas aja matak hariwang, haringhang, matak bingoeng, bingbang matak ngoemet, roedet, sihoreng ari aiat teu kaop dipiroetjanan teu kaop dinimitian, boekina eta si bikang tadina mah mokaha da tara ga gagaggoog, na!!! ari geus lila mah ka noe sok maraban sapopoet njegag nja ngereng.

Koemaha ari si djaloet?

Si djaloet mah teu atjan kadjadian anoe matak reuwas, ngan bosen koe matak gandeng bae.

Sim koering noehoenkeun timbang sadaja, lain saena, pimanaeu 2 nau oge, ari samah ngan dina matik risina tjiiliiliink.

Sareng sanes Andjing djaman ki waaaaaari, tapi baheula bihariiiiiiii.

Sim koering

Moesa Djajakoesoemah

Indihiang.

Pamaksadan pikeun ngaha dean kaajaan di Tjipanas (Galoenggoeng).

Ti Tasik ka Tjipanas.

1) Sapandjang djalan babakoena di-na parapatan parapatan ngajakeun pa pan merk toedoeh djalan makte toelisan "Weg naar de Galoenggoeng". Dina ieu paparan ditoelis djaelina ieu tempat ti Tjipanas.

2) Koedoe ngajakeun atoeran, soepa ja Koewoe bisa tjetep ngajakeun koe li (tjandoe) di kampong palebah wa loengan kalawan bajaran anoe pasti.

3) Keur ngagampangkeun meutas na hade katjida oepama di eta waloe ngan ngajakeun sababaraha batoe noe galede.

4) Ti ieu waloengan nepi ka Tjipanas, nja kitoe deui ti dieu nepi ka Goenoeng Baroe, di sababaraha tempat neundeunan papan, noe noedoeh keun djaoehna djeung loehoerna tem pat noe saestot-sstoena.

Tjipanas.

1) Ngahadean sasak awi di kali Panas.

2) Noehoerkeun rantja deukent eta sasak atawa neundeunan batoe noe galede soepaja noe ngaliwat oleh da tangka bebelekoekan nepi ka loehoe reu toeer dina leutak.

3) Djalan torobasan koedoe dilega an sarta tatangkalan noe raroentoeh

djaradi panghalang koedoe diberesan 4) Soepaja bisa awas ka tanah datar noe di handap di tengah tengah antara Tjipanas djeung kawah nja kitoe deui sisina ieu kawah koedoe noe aran (noetochan), tatangkalan

5) Dina kawah njeueu pondok ieu ti pikeun djelema noe maksoed arek marondok.

6) Di Tjipanas ngadjar djelema ngoempelkeun djeung moelasaran roepa roepa angrek noe araloes pi keun djeoleun ka noe maksoed tek mareuli. Hargana ieu angrek katjida mahalina komo di Batawi mah.

7) Di Tjipanas neundeun bord pi keun mere terang sagala noe araneh, pikeun teangeun, djeung noedoehkeun kamana los losan djalar (oep). Tjinjoe soe, sirah waloengan, kawah, djalan Tjipanas Grenong Indirih djeung Tjipanas Nagrok Singaparna).

8) Meresan tempat pamandian (Dina waktroe ieu noe hoga maksoed rek mandi koedoe noenggoe litana 2 djam nepi ka tiisna tji teh hade pikeun mandi.

Sadjaba ti ieu manggib keteranganjen tjui noe geus dipake teh taru di gantri koerang hadekeun kasehitan badan. Pasanggrahan pikeun prijaji.

1) Mandor koedoe ngabogaan kebon pikeun melak roepa roepa sajeroen, djeung tempat pikeun ngukoet bujam.

2) Pamandian pikeun tatamoet koe doe deukeut ka pasanggrahan lantaran: a. tjui noe datangna ka dinja ma koelewoeng awi geus sedeng tuisna pikeun dipake.

b. mandor teh bisa ngoeroes (ngaberisbad djeung nituan bak tempat tji).

3) Koedoe aja huishoudeijk reglement anoe koedoe ditoeroetkeun koe sagala golongan noe natumoe di dinja.

Noe titirah:

1) Kaajakan patempatan djeung tedaun katjida gorengna lantaran:

a. noe keur talitrah ana marondok pateep teep tjara pindang dina tem pat noe kabina bina kotorna.

b. noe garering koerang pakeunna datang ka dinja maksoed titirah, dipatjikeuh loear biasa, babakoena tina perkara tedaean.

b. ieu doe perkara tibatan njageur keun kasakit atawa ngahadean piki rau noe titirah anggoer ngantjeuhkeun djeung ngahandapeun.

2) Koe sabab eta hade katjida oejama diajau hidji wawauguan noe bangoeuna pandjang, ditagi djadi sa babarua bagian mashi pikeun pamokan saerangeun. Saeculaaan 15 atau 20 kamer oge tjoekoe pimahi eun, ka bareup bisa jadi rea noe titirah lantaran ieu atoeran jadi ngegedean. Patempatan-patempatan ajeuna djadi bisa dieresihat enja-enja (ontsmeet) satjoelua anoe geus moelang

Mandor pasanggrahan noe baris nitenan kaajakan ieu pondok. Doe datang aujar kitoe deui noe rek moelang koedoe mere bedja ka mandor.

Sameuhna leos noe rek indit koe doe meresihan boula pondokna. Ma nelina meunang 1 ember topo djeung carbol beunang njampoer, ti mandor pikeun ngadjalankeun eta pangawean.

Koe sabab kitoe noe anjar datang bi sa njirjinjan hidji tempat noe tangtoe beresihna, djeung hade pikeun kasehatan badanna.

3) Koe timbaungan djisim koering katjida hadena oepama diajauw wa roeng noe bisa ngadjoeal tedaean ka tjida moerahna ka noe titirah.

Ieu perkara oge mandor teh (noe mimintina msh moal saktemaha rea gewena) bisa nituan.

4) Soepaja oelah matak kirang se nang rarasaan anoe ngaliwat kabeneu ran nging noe keur marandi, di Tjip. teh kedah diajaan djamban pitempat teu noe marandi, oelah ngalelag sa perti ajeuna. Ieu patempatan patem patan oge kedah sering dieresihana.

Koe timbaungan oepama maudi teu katingal koe noe sedjen tangtoc pisan langkoeng tiasa beresih batan teu kitoe.

N. M.

Centrale Onderlinge Inlandsche Verzekerings Mij bangkroet?

Noeroetkeun kabar Aneta ieu masake asoeransi dina waktoe malaise katjida moendoerna, lantaran rea djelema noe geus ngasoeransi dijwa di eta Maskape ngadjoeal polisna menta dibilikkeun doeina.

Koe sabab eta beubeunanganana dosis oenggal boelan koerang, nepi ka teu bisa sakabeh noe rek ngadjoeal polisna tea bisa ditampa. Koe

moendoerna Maskape noe djadi Direktoer ngalepasan doea tiloe pagawe C. O. I. L. ieu pagawe noe dilepas tea ngitjoek-ngitjoek soepaja sakabeh noe geus asoep asoeransi di C. O. I. L. kaloear. Ateeh maskape beuki moendoer bae. Katoeroeg 'toeroeg' doeit dina kas kosong, lantaran dijneun hijpotheek ka Versteegh, noe ajeuna geus bangkroet. Imahra kapaksia ditjekel koe C. O. I. L. tapi rea noe koedoe didangdauan. Ari ogoutengkeunna imat tea saeutik pisan. Toeloet aja noe ngelskeun di Batawi sarta maskape dipariksa koe Accountant ti Batawi. Barang keur dipariksa toean Verhoeve Directeur C. O. I. L. kataradjang 'beroerte' nepi ka maotna. Papariksaan diteroeskeun, sarta ka jahaoan doeit heuk dipake ngagadjah Directeur djeung pagawe-pagawe noe sedjen. Sakitoe Kas geus rek ledis teh, ongkoh majar ka wiskundig Bureau man f 15.000. Ari noe njekel eta Bureau tea njia toean Verhoeve. Djadi meh saroea bae ieu niah majar f 15.000 ka Directeur noe geus meunang gajih ti maskape. Bedjana noe njeng-tjeleng di Spaarkas noe geus asoep asoeransi dijwa ka C. O. I. L. laoper, njamos, ngegel tjeroek, leungit bae doeit menuang njengtjelengan aja mar premie mangantuan-taean litana.

Ti bareto di Bale Rajat dipenta soepaja Pamarentah nalingakeun Maskape-maska asoeransi.

Nepi ka ajeu'a eta koemisi asoeransi ti Pamarentah tatajan aja. Ajeuna C. O. I. L. geus bangkroet, tjin sing karoena ka noe leutik geuwat ajakeun ti Pamarentah noe nalingakeun ka sakabeh maskape asoeransi soepaja oelah aja kadjadian kitoe deui.

Djeungna deui koemaha noe geus arasoep asoerausi dijwa ka C. O. I. L. eta teh laoper bae doeina? Na teu bisa maskape asoerausi sedjen noe-lioengen ka djelema noe geus tjlaka koe C. O. I. L. tea noedoekeun asoeransi.

Lah tjin sing koemaha na teu baroga ras-rasan noe baleunghar noe palinter?

Moegi-moegi Pamarentah ajeuna ajeuna marios sadaja maskape asoeransi, Spaarbank sareng spaarkas ladeng Verslagua asoepkeun kana soerat kabar, soepja-djelema taroraneun maskape mana noe goreng djeung mana noe beuer.

A.

Hade.

Saoer sepoch: "Baroedak! koedoe hade basa, bade tata, ka noe kitoe mah sok loha anoe njaah."

Lamoen oerang hajang kaasoep djadi djelema anoe kitoe, oerang koedoe:

Dack reudeung getol goegoeroe ka djelema atawa dina tempatna anoe pantes digoeroean, bok geore agama, atawa goeroe sakola.

Koedoe dack sarta radjin tjatjam-poeran djeung djelema anoe hade, geuning dina Asmarandana.

Moen tjampoer djeung toekang maling, tangtoe maneh djadi bangsat.

nia kitoe djeung toekang maen, tangtoe djadi pamaenan, komo djeung pamadatar, maneh tangtoe oedoed tjandoe, noe matak koedoe pilihan.

Kadjaha ti eta, koedoe leukeun milih waktoe, oelah loba teuing hoe-leeng djentoel henteu poegoh, anggoersi sing loba matjaan hoekoe-boekoe, tina hidji boekoe aja saentik maengpaatna, tina saratoes boekoe mah, aja saratoes eutik.

Nini Koeloe aki Koeloe. lamoen leukeun, tangtoe keuna.

Kana s: gala pagawean badag, pagawean lembot oelah neboet engke, koedoe ajeuna' tapik heula.

Baroedak gambarana kolot. Lamoen kolotna bageur djeung radjin, tangtoe anakna moal djaoeh ti kitoe.

Boedak koerang adjar, eta kasalan-han kolotna.

Djadi pantes pisan oerang djeung tangtoe teu, koedoe djadi djelema toetoekeun-neun baroedak, kaua djalan kahadean.

M. K. A.

Hadiyah.

Moal aja noe bireuk, jen di Tasik malaja rata' djelemanah ahli economie, gemi, sareehoed nohonan kuwadijiba-nana dina hal ngefoes roemah tang-

ga djeung nagarana, boektina ajeuna geus ngabogaan tjengtjelengan nepi ka poeloehan rewoe, anoe meh teu karasa tea, ari sababna nja eta koe

iklas tea, njimpem atawa itoeng-itoeng noeloeng kana bahaja perdjagaan nagara djeung dirinu.

Eta docit anoe geus koemboel tea noe diseboet doeit hadiah tang-toe bae moal dipake sambarangan, tangtoe baris anoe perloe-perloe bae, kajaniung ngadjage bahaja kaluparan tea, kuhoeroean, njeuneun djalan tji atawa nben peroesuhan anoe sakira aja basina.

Nepi ka ajeuna eta atoeran hadiah didjalukeun, moal aja djeoerena Soekapoera anoe geus oeroenan teh, atoeh bisa 50% oge tina pangeusi Soekapoera mokaha tangtoe bisa, kilangbara kana djadi pabrik mah atoeh eta bae soepaja tambah reug-reug hate.

Katjida panoedjoena oepama djeo-ragan djeoeragan Loerah ngahadjah ngamel waktos pikeun propaganda ka sonahan, sina ngahartieun soepados aja djourdojina hajang milie oeroen hadiah di adjangna, bener henteu oedjoeg-oedjoeg attu teu mah, tapi engke karasa ngeunahna jen perlio ti ajeuna hadiah oepamana dina suboelan saketi, satoen f 1.20 atawa ngaruh teu soesah ngitoengna superti noe enggeus enggeus bae satahoen saroepiu, usa naon kaburata-nana? toer engkena oepamana aja rewoen roepia tina sadesa, kapan tjoekoe sakuboneun kapas atawa na-on bas noe sakira hasil. Eta bae kedah ngingetkeun: naha mending mana ditoeloeng djeung noeloeng; mending mana badiah djeung dihadiah. Sageun hajang ditoeloeng bae atawa dihadiah bae, tah lebah dieu hae lanan, manahan.

Aki Balangstrang. Tjitandoej.

Koropak.

Djoeragan Blambangan koemaha warts?

Aja kaanehan naon di dieu?

Djr. P. L. Dindjeng-adjeng. Na-ing teu atjan djol.

Djr. G. Moegi sing sabar, oelah sok keras teuing. Richting "Sipatahoen" mah teu bade ngera-nger, ngahina atanapi nganjenjeri papada manosa, nangga bade njarioseun noe suenjana, soegan aja mangapatna.

Djr. O. Pakalongan. Ik verwacht veel van U.

Broeder Indramajoe. Koemaha indruken Congres di Djogja?

Djr. S. Keboemen. Koemaha geuning djempe bae?

A. a.

Djoeragan Redactie neda dilebet-keun ka "Sipatahoen"

Pangwalon Sipatahoen No. 39 noe ditanda Ardiwikarta.

Pangwalon.

Tjektiek botjek.

Pertanyaan sub a. sawah Rd. Wira-

parantos boekti: ngarareungkol di hotel pro Dio; maroeklim di tanah sebrang; tina padamelan dilalireunkeun; awak hina hate toegensah. Asilna ngaroedag kamerdikaan, tjenah. Namoeng doeka koemaha, bet kitoe ba-loekarna. Djoeragan mah krutenan oeninga, da ahli politiek. Geuning bet diantep koe Djoeragan, batoer riposh teh, lantaran kabawa koe sakaba-kaba.

Doepi kamerdikaan djisim koering mah, Djoeragan, soegema pikirau, hiroep henteu diganggoe batoer, saratna nekanan sagala kawadjiban, ninggal sakoer larangan Agama, saeng Driguma, oleh dipaksa koe batoer, tapi sing hideng sorangan.

Tjenah kapar seueur geuning koem-poean koempoean anoe elidna sarala met, saperti pakoempoean PASOEN-DAN.

Soegan eta mah politieknah bae benner. Doepi politiek bener tea, kawas koe pikiran kampoeng mah, saperti pangarti djisim koering, henteu kaedag, da boektina kitoe. Manga manah, banding-bauding tioeri sareng boekti.

Kitee marginia, noemawi djisim koering moal pipiloewu totondjolan, sieun titotolondjong, ana titadjong, ugadjilipong. Auggoer bade ngemuet-keun kaperlinean djisim koering sareng saichwan-ichwan bae, moal kamani-gan.

Pangna djisim koering gadoeh tjita-tjita, eta koempoean bade disobat H E D J O, margi koe emoetan, "he-djo" teh hidji tjiri kasegeran, mapan boekti eta ketjap ija dina parluasa: "Doebak-libook hedjo lembok".

Djabti eta teh: "Leuh, na pare Akang mah aja sac djadina, mani ngempi off HEDJO." "Poegoah bae, da hade pangdaga, henteu kawas anoe andika djadina teh keri, da keuna koe hama beureum."

"Koemaha sangkan pare koering tjageur tina kasakina beureum?" "Katjak taneuhna, saatan tjaaina, engke oge hedjo deui."

"Ah, bade ngabantoen bae engke pare mah ti sawah Akang, da pos-gosh anoe koering mah beureum, djeung Akang mah seueur deui. Oelai hawek xitoe Kaug."

"Amboeing-amboeing, asaean, make rek rereboet kena-kona beureum, oelai kitoe, bisi disogoehan kte-ngkuu Kanggo sakola agama deui, tja-pat Bangkaoeloe engkeh koe ket ta masjid. Akang."

Tah sakito, "karat" djisim koerin mah, Djoeragan Bakrie, bilik pal oeninga. Tjik ari keureut djoeragan keureut mana, keureut Eroes atan pitoein Padadjaran, noen. Manondjaja, postmerk

Orang kampoeng bawai
Manondjaja
Wiratmadji

Emoetkeuneun.

Mocgi kantja sadajana
Masing pada ariafna.
Ajeuna enggeus mangsana.
Geus nepi kana tempora.

Tanda kandjeng Geverneeme
Ka oerang arek tociaten.
Datangga Raad Katoepaten.
Taen ieu geus papasten.

Moenggoeh tjeuk djalma piuteh
Ieu teh laio pertjoemah.
Estoe matak dijadi gemah.
Sing bisaean ngoeroes lemat

Tjaina oerang sorangan.
Oelai arek kaburungan.
Madjoe djaman babarengan.
Bangga oeros koe sorangan

Ngan bae rada handjakal.
Asa rada koerang bakal.
Lidna teu bisa matjakal.
Estoe koedoe noe tawekal.

IMPLIK-IMPL

Nji Djoeminem.
Koe K. M.
Samboengan Sp. no. 42;
(Diwagel dipetik).

Kade Pinjalahan; henteu sarerem bah aja pangarahan, saperting njembah ka Ratoe atawa kaisak bah beh dieuna, lain pangarahan, mah estoe sembah anoe saenjaem bongkeun katesnan oerang ltoe djeung nembongkeun kaberes ha te. Lain oerang ngarase dibuje ngan koe menak? tah panca oe

Sadistrict ngan hidji doea. Rea djalma teu kabawa Nilik kaajaan dijwa. Olah djalma nee koetjiwa.

Estoe oerang koeloe awas. Nilik lid kahade tiwas.

Djalma borongan djeung reuwas. Nilik kiesman ge sing awas.

Bisi waktue milih elid. Pikir kiesman dijadi palid.

Noelis stem dijadi ngalid. Nadjadikeun djalma melid.

Bisi milih djalma sompong. Sok wadoel djeung gede bohong

Ti ajeuna keneh tembhong.

Soemawon djalma bedegong.

Koe timbangtan hanteu gampang.

Geura ti ajeuna wangwang.

Sae kira katarinbang.

Noe wanter djeung pandjang leuang

Noe dikira tegeh ampoeh.

Dina prakna bisa pengkoeh.

Koe hatena nasing koekoeh.

Olah sienn kte ditoedoeh.

Malah moenggoeh koe kabajang.

Sing matjakai hidji sewang.

Sadeparemente saoerang.

Soepajau pada terang.

Loerah ge delah tinggaleun.

Loemaja keur pibodoreun.

Di melan seungseurikeuneun.

Hidji iuh dipergilikeun.

Sair ayon wanai medar.

Etang-dang keur diadjar.

Dina lung "Sipat" djembar.

Sitoebroe district Bandjar.

Masjid Mangoenredja.

Bingal ana serat kabar Sipatahoenan doigi katu. 42 artos derma anoe parantos atampi koe djoeragan Soepamawon Loerah Mangoenredja aja f 172,11 Noewoeh deui f 3,- nja eta ti Pasoedan sareng Sipatahoenan Tasikmalaja loemajan ngadeudeul ssieur jabeunjeureun kana masjid Mangoenredja.

Djoeragan - djoeragan anoe kersa ermaenggo Masjid, artosna sae Intoe ka adres anoe kasebat dijoe-ber danapi ka Administratie Sipatahoen di Tasikmalaja, ti dinya tangs deraskeun ka Mangoenredja.

Ti jameinehna oge parantos hatoer rewos noehoen ka noe bade derma. Ach, anes kanggo masjid bae na-olah kitoe, bisi disogoehan kte-ngkuu Kanggo sakola agama deui, tja-pat Bangkaoeloe engkeh koe ket ta masjid.

Tah sakito, "karat" djisim koerin mah, Djoeragan Bakrie, bilik pal oeninga. Tjik ari keureut djoeragan keureut mana, keureut Eroes atan pitoein Padadjaran, noen. Manondjaja, postmerk

Orang kampoeng bawai
Manondjaja
Wiratmadji

K A B A R.

Tina s. k. Walanda.

Nationale vergadering di Angora pauoedjoe baris ingiudeuman doeit pikeun meresan kariotetan bangsa Koerden.

Kabar, jen Dearbekir didjabel, salah.

Noeroetkeun perdjengdjian di Ver-sailles, kapal perang Furiaaka (Ja-pan) dikalemkeun. Sadjaba ti ieu aja keneh noe koeoe dieungitkeun.

10,000 knom Wahabi geus ngaliwat wates Transjordania. Koerang leuwih 1000 djelema deukeut wates mraot djeung taratoe. Maksoudia ieu kadjadian nja-eta bajang ngoesir emirua poetra radja Hoesein.

Coolidge, Mussolini, Caspary (Secretaris Paus) djeung Herriot, khasoep pangheuleuna noe nembongkeun ngiring sedih ka Duitschland, ditilar koe Ebert.

Mussolini marentah, soepaja saknelah Italia masang bandera, mere tan-da ngiring sedih.

Ti baraag preng Duitschland djeung Roemenie pagentreng, rea katida bangsa Duitsch noe kalaboer ka Hongrie djeung Oostenrijk. Lantaran rang ka ditoe nja koe sembah tea."

"Wah, da djaman ajeuna mah reb menak noe teu bajang disembah," tembal Goena: "djadi oerang noe njembah noe boga paangarah."

"Teu njaho atoeh ari kitoe mah, tapi sakajaho koela lamoen njembah teh estoe poetih beresih teu aja paangarah, iklas bateh teh. Saperti ka Madkaja, da roemasla!"

Ngan nepi ka lebah dinja omongna Sahoeri kapegat koe noe ngageroan, ka ngaran manehanana. "Djoeragan njaoer, euj!" bari indit. nioggalkeun tapas imahna noe keur diparake ngo broi koe tatanga-tatanggana batoer panjawah deui.

dirampasan koe amtenaar-amtenaar wates, sakabeh noe kalaboer teu ngubarogaan doeit djeung soerat ka-terangan.

Di djalan ka Bombaj, hidji autobus noe dieusi 50 djalma, oedjoeg-oedjoeg kaheroean, 23 oerang maot, 8 tatoe pohera.

Di Blora, hidji pabrik petasan gelap, noe pernaha tookangeun kaotor pos, antjoer dihantem koe bitoe.

Noe kapangih aja 6 oerang maot djeung 2 oerang meunang tatoe pohera.

Noeroetkeun Staatsblad 1923 No. 268, Resident Madoera meunang nangtoekeun ti iraha mimitina, sapi meunangna dikaloearkeun ti eta ka-residenan. Anoe kaidinan dibawa ka losar, uja eta:

Sapi djaloe utawa bikang, anoe go-reng atawa teu perlos pikeun bibit.

Sapandjang basisir wetan Vereenig-de Staten riwoet kadatangan lini uoe pohera eundeurna ti lebah Boston ka Kentucky nepi ka Florida. Hadeua taja karoekskakud gedé.

Koeli-koeli mijin di Roergebied men ta ditaekkeun gadjhina; moen ten di-toeroet arek marogok.

Soldado-soldado Toerki geus bisa ngaberesan deui kaributan di sabu-baraha distrik (Koerdistan)

Kabar dagang.

Pasar Batavi 7-4-'25. Citronella (minjak sereh) 1/2 K. G.

Kopra sapikoel f 4,40

Kopi " f 18 1/2

Beas " f 65,-

Goeela pasir " f 10,10

Tapioca " f 15 1/4

Tin (timah bodas) " f 67 1/2

Soerabaja 9-4-'25

Goeela pasir sapikoel f 15 1/2

Kopra " f 18 1/2

Kopi " f 67 1/2

—o—

Vraag en aanbod „Pasoendan.”

Noe bade aja kaperloean panawan sareng djoel beuli sae bareng sareng "Toko Pasoendan" Statis onsweg 33. Tasikmalaja.

HOTEL BANDOENG di SOERABAJA.

Oepami ka SOERABAJA koe-iem di HOTEL "BANDOENG" ditanggel bersih sareng resep.

Noe ngoeroesna oerang Soenda.

Beheerdeer

H. I. MAKSOEDI

"Kleermaker Atmawidjaja"

BANDOENG

Di Tjitaroepa Nomer 7 Tasikmalaja.

Ieu toekang minatoe anoe parantos kajlodjo koe para djoeragan prijantoe di Tasikmalaja anoe ahli ngaranggo. tina padamelanana beresih, netjis sareng enggal, toer ongkosna loemrah.

Salamina njajagikeun toekangna ngabantoedan anggoan sareng ngawangsoelkeunana.

Sadaja langganan, ougkosna tiasa sasihan, disoehoenkeun koe rekening dina saaan seepua sasih Walanda.

Sageuj teu palaj njobian, teu palaj ngalanggan ??

Saha anoe teu atjan njobian ?? Manga diantos.

Preanger Chemicalien Handel
Tasikmalaja.

Ontvangen:
Karel 1
Delftsche
Moortjes
La Semeuse

Sigaren

H. I. S. PASOENDAN

TASIKMALAJA.

Disoebsidie koe Goeperemen. Noe bade ngalebetkeun moerangkalih ka H. I. S. P., sae tjandak moerangkalihna koe sepoehna ka sakola ngawitan ti kaping 1 Mei '25 (taboe 9 endjing).

Schoolbestuur Pasoendan.

N. V. Algemeene Levensverzekering Maatschappij

, INDONESIA'

Kantor locloegoe

Bandoeng.

Bragaweg No. 37,39

Telooon No. 1135.

Njaeta hidji pagoejoeban bab ngangolangkenn artos noe oerang pri-boemi, noe ajana pangpaoenna sareng pangloehoerna.

Marji Diadegkeun koe Boemi oetra.

Dinodalan "

Ditoengtoen "

Dineores "

Keu kaperloean "

Nampi sagala roepi asoeransi djiwa sareng Studiebeursen (tjontje-lengsan keur d

TOKO OBAT

N. V. Internationale Apotheek en Commissie Kantoor Kranggan Temanggoeng (Java).

No. 35 "Minjak pelet" jaiteo seroepa minjak obat jang aneh dan djarang ada en amat beroena voor orang lelaki f 10,-
 - 36 "Bedak kalika asam" boeat penjakti koelit ilangken paneo koekoel djara watan boesik ketohan enz f 0,70 f 1,25
 "Brooke Soap" saboen tjoetji, media marmer krosi Meubels enz. à f 0,30 per stuk "QUIK" Obat Antie Baciel perlos digantong dikamar kakoes (Kamar 100) goedang kamar mandi kamar tidoe enz per doos . à f 2,50
 "DIABOLIQUE" Eau de Cologne 60% dia poenja kras dingin, mendjadi Aujesuja (Dinginja) di Hindia kita sendiri arga . à f 3,50
 Lagi segala saboen wang Capitola sandalwod Maschmeijer Kezer-Borak, Wolf & Son, Carbol enz. arga matjemmatjem dan tanggoeng toelen
 Botol "DELPHIN" boeat saring Aer, diantero tempat jang ada aer lantas bisa dapat aer bersi bening, tida takoet ada baciel lagi, binatang lemboet enz per stuk i 7,50
 Engelsche kitlijm ada limpoeder boeat tikin betoel barang petjahan dari glas kajoe poerselin enz f 1,50 f 0,74
 "Madoe mondrogoeno" perlos boeat anak-anak baji dan sakit panas batoeo dan bole boeat makan roti thee dan lain-lain menoeroet orang poenja soeka sadja. f 1,-
 "Tabak-Saus" Micjak Tembako ini botol tjampoer dengan 50 kati tembako atawa daon tembako boeat cigaret of sigaren lantas itoe sigaren haroem baenia.

Toko Saderhana & Kleermakerij DAMES HEEREN en KINDER MODE ARTIKELEN STATIONSWEG 41 TASIKMALAJA.

Sajagi roepi-roepi paanggoe istri pamet sareng moerangkalih, sapertos : selops sapatos, topi Kamedja, Pijama, sarong-sarong Palek, Komedja istri, blouse. Roekartikalen.

Roepi-roepi lawon praksoekaneus, roepi-roepi entit partja, soetra polo anggoen kekemban sareng piraksoekaneus, roa deui barang-barang marodel, aransh, saree, saree sarepamit ditataan hidji-hidjiina. Sadaja pangao ditanggel mirah.


Kadiabi ti ngijalkeun barang-barang marodel, aransh, saree teh, nampi padamelan kengkenan roepi-roepi anggoe istri pamet sareng moerangkalih, koemaha kapalih moal bentuo kalahkanakeus, margi toekanga kenging milih anoe parantos kasohor radjana, tangtus tisa noemostekun aksipala) boer engkoesa henteu awis deut.

Mangga boeklikken!!

Nos ngantos pesenan
poen H. MAKSOEDI

ENGAL PESEN

Adres „Toko Soenda” Proewita Trisna HALTE PARIGIE VIA BANDJAR S. S. W/L



Nampi deui roepi-roepi dja boedjan tsa karet Waterroef:

Model Prins Van Oranje poela boesoe mejet ngango ban a f 35,-

" Prins op Walis warna sawo mateng zooder ban a f 30,-

" Prinses Julianne roepi-roepi kleur kanggo istri a f 15,- t/m f 17,50

" Blaza karet waterproof hantje pamet poela roepi-roepi pangao tna f 17,- f 15,50 f 20,- t/m f 22,50.

Roepi-roepi ranta perak bakau diadoe manis seessa, kating giwang koket Perak, kanting perak bakau marodel teur soetrap keur anggoewa oerang pasosan.

Saguan siudjung tebut, kekemban miwah edeng batik asewu, kilebaran Solo, Djokja, Banjumas, dhaqiqikeun sajekape panganggo keur sareng Pragaan wetan

TAN HOEN AUW

Toekang pasang gigi sareng panon palsoe ti Bandoeng
ajeuna di Pasarbaroe Tasikmalaja.

Adres anoe mirah padamelan ditanggel sae.

Tina kateoengan-kateoengan anoe rarnoe sek sering ngadjantenkeun roa celam saladjenga kasawat waos anoe sareh pisan dilandonganana. Meh tisa deui njajalkeun aksimaha kateuraosanana anoe kaaawat waos, anemawi kedah diijagi ti samemehna.

Ajeuna sim koering njajalkeun aksimanten landong anoe koemaha bae, nja kitoe deui ngadjagi soedados sulamina waos sehat berseka, tisa dijagi koe landong sim koering.

Para istri dieoroesa koe njonja. Mangga saroemping.

Hormat noe ngantos-ngantos

TAN HOEN AUW

Pasarbaroe 59 Tasikmalaja.

Nampi pesenan roepi-roepi Costuum
sareng roepi-roepi Pet Kadinesan
anggoeum Prijaji B. B.

PAMANDANGAN DACEN - DJOKJAKARTA.

Sareng roepi-roepi Pet bodas beureum
anggoeum Prijaji S. S. sareng ngitjal Pasmen
anggoeum Solempang Loerah - Loerah (Koewoe)

TOKO Universeel Agentschap **NIC MULLER** Coenoengladeo No. 15 **TASIKMALAJA** Telefoon No. 26.

Awas! Awas! Awas!

Model! Moerah! Sae!

Sajagi roepi-roepi landong sapertos : Landong gohgoj (kango moerangkalih sareng sepoeh, moerah). Landong njeri waos (gampil dianggon). Landong njeri kuhampangan (roepi?). Landong panjegal bobot, noe teu ngaresak salira sapertos landong sanes. Obat tjatjting (keur moerangkalih à sepoeh).

Landong Setja, ditanggel moestadjab. Landong ngaleungitkeun ramboet dehe sae sareng gampil, teu njeri. Landong intjol (raos). Landong boedoeng (roepi-roepi).

Sareng seueur deui roepi-roepi landong.

Awas! Awas! Awas!
Poelas keur panganggo noe belel roepi-roepi sae teu kinten, moerah model Awas obat palsoe ngaroeksa salira !! Obat kenging ngagaleuh di filiala atanapi ti noe ngider.

Hoermatna
Nic Muller.

BINTANG HINDIA

Algemeen Geill. Weekblad
Hooftredactie

Parade Harahap-Chia Chun Fong

Redactrice: Anna Starf

Rubrik tetap berisi gambar dan artikel: Hindia tjantik, Djempolan Hindia, Literatur, Krooniek (Buitenz. politiek), Sport, Dalam perdjalanan, Doenia film, Festiviteiten, Doenia Isteri dan lain-lain.

Harga langgaran f 2,25 sekwaertal Tempat advertentie jang paling baik, tarif pants. - Mintalah proefnummer gratis.

adres: Bintang Hindia Weitevreden

Poernama Alam ka 6 (tamat pangaoe f 2,-

Soeloek Pandji tamat pangaoe f 0,15

Panggeuning ka baroedak f 0,15

Panoengtoen tembang alaisgoean f 0,15

Wawatjan Samaoen djama K. Nabi f 0,45

Poleng Bandoeng

Toko Pasoendan

Tasikmalaja Stationsweg 33.

SAKEDAP DEUI !

Robahan atoeran nagara (Bestuurs-hervorming) bade dijjalaneun!

Ajeuna ambentsar-ambtenaar sada-jana perjogi diadjar.

Basa Walanda

tina LEERBOEK, VOORBEELDEN-BOEK sareng WOORDENBOEK Walanda Soenda, nja eta bukoe p.ngajajaran basa Walanda pikeun diadjar sorangan, benteu kalawan goere, anoe parantos kasohor tea.

Pangaoeua ieu tiloe boekoe :

Franco di pos, ngintoen postwissel ti psoeun f 3,40. Rembours f 8,65.

Geura enggal pesen.

Oleah ngantosan lami.

Etsi tinggaleun koe batoer!

Hoemmat roe ngarang

L. A. LEZER.

Tasikmalaja.

Eere diploma ti Grote Tentoonstelling Tasikmalaja, 1924

Kock - en Banketbakkerij

Fabriek
RADEN NATAMIHARDJA
Stationsweg 5/17 Tasikmalaja.

Sadjabi ti njajikeun Koeweh-koeweh teh, ngawitan ti ping 20 Maart moe-ka deui (Restaurant) njajgi roepi aro-teun, toeangun, seacpeun, sareng boeh-boeh. Ditanggel bersih sareng nie-nengkeun kana pangalih, tempat sac-toemaninah.

Nos ngantos
Raden Natamihardja.
Stationweg 5/17 Tasikmalaja.

SIK DJOEN KWAN

TOEKANG GIGI

Tjhlideunggede No. 23 Tasikmalaja.

Teu aja deui angan-angan sadjana, jen di doenja palaj hi-roep senang sareng kasehatan, dina barang toeang kapalaj teh anoe pareiem anoe raraes bae. Handjakal tina hal barang kasehatan waos mah, margi sakoer anoe di toeang eta sajaktosna nambihan oleam, teu kaaraos njarelapna dina waos, lam-i-lami ngagoendoek ka lebet doegi ka kadjadian ojeri waos sareng koprop.

Di dieu bade diterangkeun, jen kbsawat waos oepami teu di toeleng koe ahliha (dokterna) moal tiasa sae, katoeangan anoe teu antoer pisau ngadjadiken kasawat laledeng poesing, njeri patoongan, sesek napas, eungap, teu aja napsoe kana barang toeang sareng senes-senen. Ieu sadaja kasawat moal tiasa sae leles-leles, oepami waos masih teu sehat, ngandoeng pirang-pirang oleam.

Ajeuna sim koering di dieu parantos ngadeg tokona njajigkeun roepi-roepi landong waosa, ance koemaha bae tiasa dilan-dongan koe sim koerik kalawan ditanggel.

Nja kitoe deui njajalkeun waos palsoe, poslen, toelang, perak, emas saniskanten aja. Ngaratakeun waos ngaberesihan sareng ngajilapkeun soepados herang sapertos kilat tatin, koemargi kieu, taungtus djadi ngawoewoeh tjahaja.

Njajalkeun deui panon palsoe, oleah salempang.

Djeraagan djouragan istri dilandonganala koe njonja, nja eta poen bodjo.

Anoe ngantos pesenan a saroempingna'
SIK DJOEN KWAN
Satimbuit.

AARDIWERK PLERED H. MARZOEKI.

Mangga pesen tada sekar roko, wadah boewah, wadah kembang s. dj. Noemotken model oge nampi. Ditanggel padamelan sareng beres. Tot mrab. Sanes ngaboeang artos

Mangga toeloeng essa bangsa.

Oepami ka Pleredbeia lali linggih ka

HADJI MARZOEKI.

TOKO PEKAT AMING ABULHAMID PASAR BAROE, BANDOENG.

Sajagi roepi-roepi Saroeng palej tjaiporsi, tiap Mobil (M. M. H.) noe parantos bekend kakiatanana, tanggel ten tijasa loentoer sareng seueur deui roepi-roepi Paleknot noe tasebat di dieu.

Roepi-roepi sarong Soeta, Samaha, Poentianak, Renggane, Poleng damelan Priangan Poleng Chep sareng nampi pesenan Poleng damelan Cheribon, Priangan, tjoeretkoemoetkeun sakoemaha kapalaj sajagi No. 1 aareng No. 2.

Roepi-roepi harang koeningan datan Djogja, Soerabaja, Bandjarmasin, Cheribon sareng Soemodang. Sat nampi pesenan Ketoe-oedeng, model kasoendan sareng Kadjawan, melan citanggel sae.

Barang-barang noe kasebat di loer pangaoe direken mirah, keur itjaleun deui langkoeng mirah. Mangga gal ngagaleuh (pesen) ka:

Toko Palek, Tinocan, Koperasi en Ketoe-oedengmakerij Pajoeneun Pasar Baroe No. 88.

TOKO BKOE M. I. PRAWIR - WINATA GROOTE-LENGKONG 1. BANDOENG.

Samoedaja kasehatan tangtus tjal, soergring ih galih tanwandeleung tanpa lebuh, liang tanpa karana oepami engegal maos boekoe

WAWATJAN RANG - WOELOENG

NJA ETIA SAMANGAN

WAWATJAN DJAK OEMBARAN.

Kasian boekoea tea kinten saena, sekoba 23 X 16 c. M. kerisana bodas sateng kandel akarsana sareng kembang-kembang tea kinten saena kawantos tjtakan DRUKKERIJ WOKINK. Kawoewoea tea kinten kandeina, aja 126 katja 45 poepoh, 1266 pida.

Pangaoeua mg f 1,50
Franco di Post f 1,65 embours f 2,15

Ringkesan ta:
I. Nji Poetri Lasmar, prameowari Radja Grau didjeroem (disaroe) koe djin ipri, noe ngaran Nji Gandajang. II. Nji Poelelasari kari balangsak di Aki Pangebungan. Sabotna dijinjina andjeunna pin, dijinenggan Rangga-Woeleng. III. Nji Gandsjang dijidi prameowarie sarta boga anak, dingaran Tjantaka. IV. Rangga-Woeleng ngagandik jantaka, lantaran ngabelaan. V. Rangga-Woeleng dipikadenduek koe Radja Oembaran. VI. Radja Oembaran dipikatjentjeub koe prameowari palikna. VII. Babalea dijoeeda, Njadjang minda maliwarna dijadi djin ipri deui. VIII. Nji Gandsjang dadago Radja Lasmar, madjar disiksa koe Radja Oembaran. IX. Perang rugot batokoenter sareng balad Boedanah. X. Oerang Batokoenter toempoer adjoer diantara Rangga-Woeleng sakantjana. XI. Rangga-Woeleng djoemenereng radja di ansab ngagantos ramana. Andjeunna birep tjkroeh, dirioeng-rioeng koeng, digeleng-geleng koe angkeng, dihempekkan koe parawan.

Koop en verkoop 2de sch Boeken.

Mangga ngalanggan Adverentie di Sip. woerah hasil maksoe